



Byenvini nan Nouvo Kay ou an

Yon Gid Senp Pou
Antretyen Kay Ou

Byenvini nan Nouvo Kay ou an

Yon Gid Senp Pou Antretyen Kay Ou

Anplwaye ajans relokizasyon yo ka itilize gid sa a kòm yon pati nan plan oryantasyon lojman yo pou edike nouvo imigran yo sou sijè enpòtan nan antretyen kay.

Tab Kontni

[Atik ou plis itilize nan Kay la](#)

[Anvan w demenaje](#)

[Kenbe Kay ou an Sekirite](#)

[Lapòs ak Avi](#)

[Vin yon bon vwazen](#)

[Konsèvasyon Enèji](#)

[Rezime](#)

Antretyen Kay

Travay ki fèt regilyèman pou kenbe yon kay ak aparèy yo nan bon kondisyon, pou anpeche domaj ki koute chè epi pou asire yon anviwònman an sekirite epi ki fonksyone byen.

Konsènan Settle In

Settle In se yon sous ou ka fè konfyans pou chèche enfòmasyon serye, reyaktif, ajou, epi fasil pou nouvo imigran ki Etazini. Platfòm dijital Settle In yo disponib nan plizyè lang, epi yo ofri resous esansyèl, konsèy ak sipò nan plizyè lang pou ede nouvo imigran jere lavi yo Ozetazini.

Konsènan Switchboard

Switchboard se yon sant resous inik pou founisè sèvis pou refijye Ozetazini epi li ofri zouti, opòtinite aprantisaj ak asistans teknik sou sijè ki gen rapò ak relokizasyon.

Switchboard jwenn finansman ORR epi se IRC ki egzekite l.

Se Mercy Housing ki devlope materyèl sa yo.

IRC te resevwa finansman konpetitif atravè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi, Sibvansyon #90RB0053. Fon Federal la finanse pwojè sa a 100%. Kontni dokiman sa a se responsablite otè yo sèlman, li pa nesesèman reprezante opinyon ofisyèl Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi.

Anvan Ou Antre Nan Kay la

Enspeksyon Detaye




Mache nan kay la avèk mèt kay la pou dokimante kondisyon an epi idantifye nenpòt domaj ki egziste oswa bezwen reparasyon anvan ou antre ladan l.

Sèvi ak yon [list](#) verifikasyon pou dokimante rezilta vizit enspeksyon an, epi pran foto jan sa nesèsè.

Pwopriyetè w la ap kenbe yon kopi lis verifikasyon an, epi ou menm tou w ap kenbe yon kopi, pou dosye ou yo. Sa ap ede anpeche pwopriyetè a dedwi nan depo garanti ou a pou domaj ou pa lakòz.

Peye Bòdwo

Peye lwaye w, sèvis piblik yo (elektrisite, dlo, gaz, elatriye) ak lòt bòdwo w yo alè chak mwa pou evite frè peman an reta epi pou kenbe bon kredi.



Bon kredi ap ede w jwenn apwobasyon pou aplikasyon pou apatman alavni epi prete lajan nan men enstitisyon finansyè ki gen pi bon to enterè pou achte yon kay oswa yon machin, oswa pou peye pou edikasyon. Sèvi ak yon lis verifikasyon ak yon rapèl kalandriye ki repete pou ede tèt ou peye bòdwo yo alè. Tcheke kontra lwaye w lan pou w konfime ki fòm peman pwopriyetè a aksepte. Anpil fwa, pwopriyetè yo resevwa swa chèk oswa peman elektwonik. Pa voye lajan kach nan lapòs!



Kontra-lwaye w la presize dat peman ak kantite kò ou dwe peye chak mwa. Si w peye apre dat la, pwopriyetè a ap fè w peye yon frè dapre kontra lwaye w la. Si w sispann peye lwaye a oswa ou peye l an reta, pwopriyetè a ka ba w yon avi pou w peye oswa pou w demenaje. Pwopriyetè a ka depoze yon demann pou mete w deyò tou. Lè pwopriyetè a ap pran aksyon sa yo, li dwe respekte egzijans ki nan kontra-lwaye a ak lwa lokal yo.

Pou plis enfòmasyon sou responsablite lokatè yo, gade Twous Zouti Lokatè sa a. [Tenant Toolkit](#).

Byen Jere Kay Ou

Sekirite ak Antretyen Zòn W ap Viv la



Atè

Netwaye kapèt yo ak yon aspiratè omwen de fwa pa semèn kote ou plis itilize nan kay la, epi omwen yon fwa pa semèn nan lòt chanm yo. Bale atè yo tankou planche bwa yo, vinil, mozayik, oswa laminé omwen yon fwa pa semèn.

- Sèvi ak tapi pou diminye kantite pousyè ki antre nan kay la. Retire soulye ou lè w ap antre lakay ou. Sa ap ede kenbe atè yo pwòp.
- Pa vide likid sou tapi. Li pral tranpe nan fib tapi yo ak kousen ki anba yo epi kreye yon tach ki difisil pou retire. Imidite ki soti nan likid yo kapab lakòz mwazi ak kanni tou.
- Netwaye tout debòdman yo imedyatman! Ou ka itilize yon solisyon dlo ak savon oubyen yon pwodui netwayaj tapi, ou ka achte yo nan makèt la.
- Pa janm sèvi ak klowòks sou planche!
- Si ou gen pwoblèm ak yon tach, mande responsab dosye ou a pou konsèy.
- Pou tach ki pi grav, lwe yon machin pou netwaye tapi nan yon magazen amelyorasyon kay oswa nan yon makèt.

Mi yo

- Sèvi ak metòd adezif pou monte foto ak dekorasyon lakay ou epi pou enstale lòt bagay san domaje mi yo. Evite fè twou nan mi yo. Si w fè twou nan mi yo, bouche yo epi repara yo anvan ou demenaje.
- Anseye timoun yo pou yo pa fè mak sou mi yo ak kreyon, kreyon koulè, oswa nenpòt lòt bagay.
- Pa pentire mi yo sof si w gen pèmasyon ekri pwopriyetè a. Menm si w gen pèmasyon pwopriyetè a pèmasyon pou pentire sou pwòp depans ou, li nòmal pou pwopriyetè a mande pou peye pentire mi yo nan koulè orijinal yo anvan w demenaje.



Fenèt ak Kouvèti Fenèt yo

- Pa dwe gen fenèt ki kole ak penti. Si w remake ou pa ka louvri fenèt yo anvan ou antre, mande pwopriyetè a pou repara yo. Si w remake penti k ap dekalè sou ankadreman fenèt yo anvan ou antre, mande pwopriyetè a pou repentire ankadreman fenèt yo.
- Fè atansyon lè w toupre fenèt yo lè w ap ouvri epi fèmen yo pou evite domaj.
- Anseye timoun yo pou yo pa jwe toupre fenèt ni nan bagay ki kouvri fenèt yo tankou rido, jalouzi.



Mèb ak Aparèy

- Mèb (tankou sofa, tab, chèz, kabann, etajè liv, ak bifèt) ka pwopriyete w pou w kenbe lè w demenaje, sof si w nan yon otèl oswa yon apatman meble. Mèb yo ap dire lontan si w kenbe yo pwòp epi ou byen pran swen yo! Pran tout mèb ak bagay ou yo lè w ap demenaje. Si w pa sèten sou ki mèb ou ka kenbe, pale ak responsab dosye w la oswa tcheke kontra lwaye w lan.
- Sekirize tout mèb ki wo tankou etajè liv, Bifèt, ak pandri nan mi an pou yo pa chavire epi blese granmoun ak timoun.
- Jwe sou mèb ka lakòz ou blese tèt ou oswa kraze bagay ou. Aprann timoun yo pou yo fè atansyon epi pou yo pa jwe ak mèb oswa bagay ki lakay ou. Pa janm kite yo monte oswa ponpe sou mèb yo. Pou pwoteje timoun piti yo, mete kousen nan kwen tab yo, etajè yo, bifèt yo, elatriye.
- Aparèy ou jwenn pi souvan nan kay se recho, fou, machin pou lave asyèt, frijidè, fou mikwo ond, machin pou lave, ak machin pou seche rad. Ou pa ta dwe retire okenn aparèy pwopriyetè a bay. Nan kèk vil, pwopriyetè a ka pa bay yon frijidè, yon mikwo ond, yon machin pou lave, oswa yon machin pou seche rad. Ou ka sèlman deplase aparèy ou te achte oswa ou te lwe poukont ou yo.

Pinèz




- Pinèz yo viv nan fant ak pli bagay tankou twal ak mèb, kwen mi yo, tapi, ak dra (matla, ankadreman kabann, tèt kabann, elatriye). Yo souvan kache nan kousen, kanape, sofa, ak kabann.
- Mòde pinèz yo fè mal, yo grate, epi yo wouj. Po a parèt anfle epi li sanble ak yon bouton oswa yon gratèl.
- Pa janm pote mèb lòt moun te jete lakay ou!
- Si gen pinèz, lave nan dlo cho ak savon, tout rad tankou dra, fouwo, lèn ak lòt bagay pou kouche, epi seche yo sou gwo chalè pandan omwen 30 minit. Bwose matla, mèb, ak tapi ou yo ak yon bwòs rèd, answit pase aspiratè sou yo, kwen mi yo, ak tout zòn ki enfekte a. Mete sak aspiratè a deyò nan fatra a touswit.
- Dekole tout mèb yo nan mi yo. Pa kite twal ki kouvri yo trennen atè a.
- Mete bwat savon likid yo anba pye ankadreman kabann yo oubyen toupre kote ou jwenn pinèz yo. Pou plis enfòmasyon detaye sou kijan pou trete pinèz, gade atik sa a sou kontwòl pinèz ki soti nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini.
- Anplwaye yon moun ki espesyalize nan retire bèt nuizib si w toujou ap jwenn pinèz apre ou fin eseye trete yo poukont ou.

Sekirite ak Antretyen Kwizin



Preparasyon Manje

- Lè w ap itilize yon kouto, pa janm koupe dirèkteman sou kontwa yo; sa ap domaje kontwa yo epi w ap gen pou peye pou yo. Toujou itilize yon planch pou koupe lè w ap koupe ak yon kouto.
- Pa janm koupe anyen atè a!



- Pa janm mete chodyè cho, kaswòl cho oswa nenpòt materyèl pou kwit manje cho sou yon kontwa, yon tab, oswa atè a! Toujou mete yon twal epè epi sèk anba materyèl oswa istansil pou kwit manje cho a.



Netwayaj Manje

- Netwaye kontwa yo chak jou, epi retire tout manje ki ta tonbe sou atè a oswa nenpòt lòt kote touswit.
- Pa janm kite manje san kouvri sou kontwa a oswa sou nenpòt lòt kote. Manje ap atire ensèk, rat ak sourit. Ou ka oblije peye pou yon pwofesyonèl nan kontwòl ensèk nuizib si sa rive!




- Li pi bon pou kouvri manje a epi kenbe l nan frijidè a. Kouvri asyèt manje yo ak papye aliminyòm oswa papye plastik, oswa itilize respinyan ki gen kouvèti pou konsève manje yo. Netwaye tout debòdman yo touswit, epi netwaye andedan ak deyò frijidè a chak semèn ak savon dou ak dlo.


- Bale kwizin nan chak jou, epi pase mop sou yo ak solisyon netwayaj chak semèn. Si atè ka reziste dlo tankou atè mozayik oswa vinil, ou ka pase mop sou yo ak savon ak dlo. Si ou gen planche an bwa, sèvi ak sèlman solisyon netwayaj ki fèt espesyalman pou planche an bwa.
- Netwaye frijidè a anvan ou demenaje. W ap gen pou peye yon frè netwayaj si frijidè a pa pwòp!

Fè Manje ak Kwit nan fou

- Lè w ap kwit manje sou recho a, toujou kòmanse ak yon dife ki ba epi ogmante l piti piti, si sa nesèsè, pou evite boule manje a epi boule istansil yo. Si ou itilize yon chalè ki twò wo, ou ka menm boule anba chodyè a oswa kaswòl la!



- Fè atansyon lè w ap itilize yon recho oswa yon fou. Pa janm kite yo san siveyans.
- Netwaye recho ou, plak kwit manje a, gri, ak zòn pou kwit manje a chak jou pou anpeche grès pil sou pil, epi toujou chofe lwil la dousman. Sèvi ak yon revèy pou raple tèt ou tan pou kwit manje a pou anpeche manje boule.
- Lè dife yo ak griy fou yo cho, pa touche yo ak men ou sèlman. Yo ka boule w!
- Pa janm sèvi ak men ou san anyen pou manyen materyèl ki te sou recho a oswa nan fou a. Toujou sèvi ak yon twal epè ki sèk, kousen cho, oswa gan fou pou pwoteje men ou.
- Swiv enstriksyon resèt la pou mete tanperati fou ou a pou kwit manje. Si w pa swiv yon resèt, mete bouton an sou 350° Farenayt pou pifò kwit manje ak boulanjri. Si w vire bouton an nèt sou pi wo nivo a, manje a ap boule.
- Netwaye nenpòt debòdman manje le pli vit ke fou a oswa recho a refwadi.
- Pa janm kwit manje dirèkteman sou recho a!



Recho ak fou

- Siye grès ak manje ki tonbe sou oswa ozalantou recho a imedyatman apre recho a fin refwadi. Netwaye recho ak fou ou chak jou.
- Grès ak manje ki tonbe oswa ki boule danjere. Yo gen yon move odè epi yo atire sourit, rat ak ensèk.
- Pa retire manje nan frizè a epi mete l dirèkteman nan grès cho a. Li ka pran dife!
- Grès ki vole atè a ka lakoz ou tonbe!
- Grès ki tonbe ka lakòz dife!
- Pa janm mete grès oswa lwil nan koule a paske yo ka vin di epi bouche tiyo drenaj ou yo. Toujou vide yo nan yon bokal oswa yon bwat vid, fèmen l byen sere epi mete l nan fatra abityèl ou.



Mikwo ond

- Anvan ou itilize nenpòt veso, asyèt, oswa bòl, elatriye nan mikwo ond lan, tcheke pou asire w ke yo ka ale nan mikwo ond. Si ou pa sèten, pa itilize yo nan mikwo ond lan.
- Pa chofe okenn objè metal, plastik yon sèl itilizasyon, sache papye, oswa styrofoam nan mikwo ond lan. Veso pou pote ale ak anbalaj plastik pwodui manje refrijere ki soti nan makèt yo pa ka ale nan mikwo ond.

Machin pou lave vesèl





- Yon machin pou lave vesèl ap lave, rense, epi dezenfekte asyèt ak istansil. Toujou retire tout rès manje nan bwat fatra a epi rense asyèt ak istansil yo anvan ou mete yo nan machin pou lave vesèl la. Yon machin pou lave vesèl pa fwote asyèt yo epi li pa ranplase yon machin pou jete fatra.

- Pa janm sèvi ak savon likid pou lave vesèl, savon lesiv, oswa savon pou men nan machin pou lave vesèl yo. Ou dwe sèvi ak yon savon espesyal ki fèt pou machin pou lave vesèl. Savon pou lave vesèl la vini an poud, jèl, oswa an kapsil. Si w sèvi ak poud oswa jèl, swiv enstriksyon ki sou bwat la oswa boutèy la, epi pa twò plen gode yo. Si w sèvi ak kapsil, sèvi ak yon sèl kapsil pou chak lave. Pa koupe kapsil yo, epi asire w ou kenbe yo lwen timoun yo.



Lavabo/Poubèl fatra

- Yon machin pou moulen fatra/ kraze rès manje. Lakay ou ka gen youn nan koule kwizin ou.
- Toujou kite dlo frèt koule lè w ap itilize machin pou moulen fatra a pou moulen rès manje. Pa janm sèvi ak dlo cho pou anpeche l bouche.
- Pa mete manje ki gen lanmidon tankou pasta, diri, oswa kale pòm detè; manje ki gen fib tankou seleri, kale mayi, oswa kale zonyon; avwan; pwa; nwa; zo; kokiy ze; grenn fwi; mare kafe; grès, lwil, oswa lòt grès; oswa okenn bagay ki pa manje tankou metal, plastik, oswa avek fich pwodui nan koule a oswa nan machin pou jete fatra a. Bagay sa yo ap bouche oswa bloke machin pou jete fatra a.



- Si machin pou moulen fatra w la bloke oswa li pa fonksyone byen, dlo ka rantre nan lavabo a. Fèmen machin pou moulen fatra a touswit epi rele moun ki responsab antretyen apatman w lan.
- Pa janm mete men ou nan machin pou moulen fatra a!
- Netwaye lavabo w ak machin pou jete fatra w chak semèn avèk savon pou lave asyèt ak dlo.
- Si w ap viv nan yon vil ki egzije konpostaj, ranmase rès manje epi swiv enstriksyon apatman w lan pou jete rès manje yo byen olye pou w itilize yo.
- Yon machin pou jete fatra. Pou anpeche odè ak ensèk nuizib, ou ka mete rès manje ou yo nan yon sache koleksyon apwopriye epi mete yo nan frijidè oswa nan frizè jiskaske lè a rive pou jete yo.

Kontenè fatra



- Mete sache nan tout bokit fatra lakay ou avan ou mete fatra ladan yo.
- Si w rete nan yon apatman, soti ak fatra w chak jou pou w al mete l nan yon bokit oswa yon kontenè fatra ki byen fèmen. Sa ap ede anpeche founmi, ravèt, rat, ak sourit pran kay la, epi li ap anpeche vwazen yo fè plent bay mèt kay la.
- Si w rete nan yon kay pou yon sèl fanmi, pran enfòmasyon sou jou yo ranmase fatra nan zòn ou, epi jete fatra w lè jou sa yo rive.
- Pa janm kite fatra nan espas ou pataje ak lòt moun nan apatman an, tankou koridò, galri, eskalye, elatriye, sòf si mèt kay la mande sa.
- Si kominote w la gen yon pwogram resiklaj, swiv règ yo pou separe fatra yo tankou vè, metal, plastik, ak fatra òganik (tankou rès manje ak lòt dechè ki pouri).



Sekirite ak Antretyen Twalèt

Netwayaj Jeneral

- Sèvi ak pwodui netwayaj ki fèt espesyalman pou twalèt pou netwaye lavabo a, andedan ak deyò twalèt la, basen benyen an, ak douch la. Netwaye planche twalèt la ak pwodui ki fèt pou tip planche ou genyen an.




- Pa janm kite cheve oswa nenpòt lòt bagay desann nan drenaj yo. Toujou ranmase yo epi jete yo nan fatra. Ou ka itilize yon kouvèti pou drenaj pou kenbe cheve oswa lòt ti debri pou anpeche yo desann nan tiyo yo.

Pwoblèm Twalèt

- Sèvi ak yon bwòs twalèt ak yon pwodwi pou netwaye twalèt pou netwaye anndan twalèt la chak semèn, oswa tousuit si gen gwo tach. Siye deyò twalèt la chak semèn. Si gen pipi oswa nenpòt lòt likid ki tonbe atè, siye l imedyatman.
- Pa janm jete anyen lòt pase papyè twalèt nan twalèt la. Ou pa dwe jete pwodwi ijyenik pou fanm, fatra, manje, sèvyèt papyè, gwo kantite papyè twalèt, oswa nenpòt lòt bagay nan twalèt la. Si ou bouche twalèt la, mèt kay la ka fè ou peye pou reparasyon yo.
- Aprann pitit ou yo pou yo pa jete jwèt yo oswa lòt bagay nan twalèt la.
- Si twalèt la debòde, rele responsab apatman an tousuit! Siye dlo ki debòde a ak yon mop pi vit posib.
- Bwòs twalèt la se sèlman pou twalèt, pa sèvi avè l pou lòt bagay!



Flit Dlo ak Likid k ap koule



- Sèvi ak yon rido douch pou anpeche dlo sòti sou planche a lè w ap pran yon beny nan basen an. Toujou kenbe pati anba rido douch la andedan basen an. Mete yon ti tapi devan basen an pou anpeche dlo tonbe dirèkteman sou planche a. Si dlo tonbe sou planche a, toujou siye li imedyatman.
- Pati anba basen an ka vin glise lè li mouye. Mete yon tapi sekirite andedan basen an ka evite w tonbe.
- Si gen yon blokaj oswa yon flit, rele responsab apatman an touswit! Ou pral oblije peye pou domaj ou pa rapòte. Si ou menm ki lakoz blokaj la, mèt kay la ap fè ou peye pou reparasyon yo.

Sekirite ak Antretyen Lesiv

Netwayaj Jeneral

- Ranje rad sal yo an koulè klè ak koulè fonce pou w ka lave yo separeman.
- Swiv enstriksyon ki sou etikèt rad yo pou lave ak seche yo. Si pa gen okenn enstriksyon espesifik, itilize dlo frèt pou rad fonce oswa lè w pa sèten si koulè a pral kouri. Sèvi ak dlo cho pou rad klè.
- Lè w ap sèvi ak machin lave, sèvi sèlman ak detèjan pou lesiv (an poud, likid, oswa kapsil) epi swiv enstriksyon pou ajoute detèjan nan machin nan. Pa sèvi ak savon men nòmal oswa lòt pwodui savon.
- Swiv enstriksyon yo pou itilize machin lave ak machin sechaj la. Pa chaje twòp rad nan machin yo.
- Anvan ak apre sechaj, netwaye filtè peluch nan machin sechaj la. Si w pa retire peluch yo, sa ka lakòz dife.





- Pa janm kite rad ou san siveyans. Lè w fini lave oswa fin seche yo, retire yo touswit.

Sekirite ak Antretyen Jeneral Kay

Pano Elektrik (Bwat Sekirite)

- Lakay ou ka jwenn yon ti pòt sou miray la. Li gen bwat sekirite elektrik ladan li. Pa manyen li, epi aprann timoun yo pou yo pa manyen li.
- Si ou remake nenpòt domaj, pa eseye repara poukont ou. Fè responsab apatman an konnen touswit.



Koneksyon Plonbri

- Ou pral wè tiyo drenaj ak koneksyon plonbri anba tout lavabo yo, toupre twalèt yo, oswa dèyè aparèy yo. Pa manyen yo, epi anseye timoun ou yo pou yo pa manyen yo.
- Si ou wè dlo k ap koule soti nan tiyo drenaj oswa koneksyon plonbri yo, ou dwe fè yon rapò imedyatman pa rele jesyon apatman ou. Pa ret tann. Ou pral oblije peye pou nenpòt domaj ou pa rapòte.

Espas Pataje

- Pa estoke bagay pèsònèl ou oswa fatra nan espas ou pataje ak lòt moun.
- Aprann timoun yo pou yo pa kouri oswa jwe nan espas ou pataje ak lòt moun.




Jaden

- Si kay ou gen yon lakou (devan, dèyè, oswa sou kote), tcheke kontra lwaye ou pou w konprann responsablite w pou antretyen lakou a. Si kontra lwaye a di antretyen lakou a se responsablite lokatè a, ou pral bezwen pran swen lakou a selon kondisyon kontra a.
- Antretyen lakou a gen ladan wouze dlo ak koupe gazon regilyèman. Kèk vil ka gen règ sou kantite dlo pou wouze, kidonk tcheke epi swiv règ zòn ou sou wouze dlo.



Sekirite & Pwoteksyon

Alam Dife




- Alam dife se ti aparèy ki anjeneral mete sou plafon an oswa wo sou miray yo, ki va avèti w ak yon seri bip fò si yo detekte lafimen, pou w ka pran mezi nesèsè pou evakye an sekirite oswa anpeche yon dife.
- Pwopriyetè kay yo responsab pou bay alam dife ki fonksyone nan kay ou selon lwa lokal yo.
- Majorite alam dife yo gen pil. Ou menm ou responsab pou asire yo ap fonksyone, ou dwe ranplase pil yo chak ane. Chwazi yon jou ki enpòtan pou ou oswa mete yon rapèl sou telefòn ou pou ranplase pil yo. Lè pil la ba, ou va tande yon son “chirping” entèmitan. Ranplase pil la, epi son an ap sispann.



- Pa janm dezaktive, retire, oswa jete alam dife yo!
- Lè ou fèk abite nan yon nouvo kay, teste chak alam dife pa peze bouton ki sou devan li. Refè tès la regilyèman. Si yon alam dife pa fonksyone, enfòmè jesyon apatman imedyatman.
- Si gen yon kapo sou recho a, sèvi ak li pandan wap kwit manje pou diminye kantite lafimen nan lè a. Si alam dife a sonnen pandan w ap kwit manje men pa gen lafimen oswa dife, mete l sou silans pa peze bouton ki sou devan li. Netwaye lè a, vante yon sèvyèt tou pre alam nan epi ouvè yon fenèt.

Dife

- Idantifye kote aparèy pou etenn dife yo nan apatman oswa bilding ou a epi aprann kijan pou itilize yo kòrèkteman.
- Anpil bilding modèn gen sistèm espre (sprinkler) ki entegre ladan yo. Sistèm sa yo pral aktive lè yo detekte yon dife.
- Pa janm jete dlo sou yon dife lwil! Ou ka etenn dife lwil pa kouvri l ak yon kouvèti oswa yon chodyè, oswa sèvi ak farin pou etenn li.
- Si dife a piti, eseye kouvri l ak yon lòt chodyè oswa kouvèti pou koupe oksijèn li.
- Si dife a pi gwo, sèvi ak aparèy pou etenn dife a jan yo te moutre ou. Apre nenpòt itilizasyon, enfòmè jesyon apatman an paske yo dwe rechaje aparèy pou etenn dife a pou li ka sèvi ankò lè ou bezwen li.
- Si gen yon dife nan apatman ou epi ou panse ou pa ka etenn li, oswa si gen yon dife nan bilding lan, SOUS OU MENM AK FANMI OU NAN BILDING LAN epi RELE 9-1-1!
- LAVI PI ENPÒTAN PASE BYEN MATERYÈL !
- Lè w ap kite kay ou oswa bilding ou a, rete pre atè a pou w ka rete anba lafimen an epi pou w pa respire l. Sòti deyò si sa posib.
- Alète vwazen yo menm kote w kapab.
- Toujou itilize eskalye pandan yon dife. Pa janm pran asansè pou kouri kite dife.
- Si pòt ou a cho, pa ouvri li. Sòti atravè yon fenèt nan premye etaj la oswa itilize echap dife a, oswa rete nan yon fenèt pou tann èd. Sèvi ak sèvyèt mouye pou bouche espas anba ak alantou pòt yo pou kenbe lafimen deyò, epi sèvi ak yon moso twal mouye pou respire atravè li.



Alam Monoksid Kabòn

- Anplis alam dife, anpil kay gen alam monoksid kabòn tou. Si lwa lokal ou yo egzije sa, pwopriyete kay la responsab pou bay yo nan kay ou.
- Monoksid kabòn se yon gaz danjere, envizib, ki ka pwazonè nan gwo kantite.
- Alam nan ap avèti ou ak yon seri bip fò oswa limyè ki klere si li detekte monoksid kabòn depase yon sèten nivo. Si alam nan sonnen, evakye kay ou imedyatman epi enfòmè jesyon pwopriyete a.
- Teste alam monoksid kabòn ou ansanm ak detektè lafimen yo. Yo souvan nan menm espas. .

Koridò

- Kenbe koridò yo ak espas pataje yo lib, san mèb oswa bagay pèsònèl.
- Kenbe espas pataje nan bilding ou a pwòp ap ede amelyore relasyon ak vwazen yo epi fè bilding lan pi an sekirite.
- Koridò ak espas pataje ki pa rete lib ka danjere epi ka bloke ou pandan yon ijans .



Rido Pwoteksyon pou Pòt ak Fenèt


- Rido pwoteksyon yo enpòtan pou kenbe timoun ak bèt kay yo anndan, epi pou anpeche mositik ak lòt bèt antre.
- Si rido pwoteksyon yo manke oswa dechire, kontakte jesyonè apatman imedyatman!

Ijans Medikal

- Rele 9-1-1 si yon moun blese grav oswa malad anpil!
- Ekip sekou ap vini ede imedyatman. Lè yo fin konprann pwoblèm nan, yo ka ede w decide si w bezwen yon anbilans pou mennen moun nan lopital.
- Gen kèk sèvis ou ka oblije peye, tankou vwayaj nan anbilans pou ale lopital.



Fimen



- Pifò apatman nan Etazini pa pèmèt ou fimen andedan kay la. Tanpri fimen sèlman nan zòn ki apwouve pou fimen.
- Sigarèt Ameriken kontinye boule menm si w pa ap fimen yo.
- Toujou asire w ke sigarèt yo byen etenn epi yo pa boule ankò anvan ou jete yo.
- Ou pral oblije peye pou tout domaj ki koze lè w fimen nan kay la, tankou mak boule oswa tach sou nenpòt sifas (mi, plafon, kabinè, planche, plan travay, oswa aparèy), ansanm ak sant lafimen an.
- Pa fimen bò kote timoun oswa fanm ansent.


Kadna, Kle, Ak Etranje

- Pa janm débloke pòt ou oswa sèvi ak entèkom pou kite yon moun ou pa konnen antre nan bilding oswa kay ou. Travayè antretyen yo ap avèti ou davans lè y ap vini.
- Si ou wè moun ap vòlè, rele **9-1-1!**




- Toujou kenbe pòt ki mennen deyò yo fèmen ak kadna, menm lè ou lakay ou. Pou sekirite, fèmen epi kadnen fenèt yo anvan ou soti.
- Pa kite etranje antre nan bilding lan avèk ou atravè pòt hall la. Mande moun ou pa konnen yo montre idantifikasyon yo anvan ou kite yo antre, menm moun ki nan inifòm.

- Si w bliye kle ou oswa ou bloke deyò kay ou, ou pral oblije peye pwopriyetè a pou l ouvri pòt la. Sa ka koute \$50 oswa plis. Si w pèdi kle ou, ou pral oblije peye pwopriyetè a pou chanje oswa ranplase tout kadna yo.




Pakin

- Gen kèk apatman ak inite lojman ki gen pakin sou plas. Dapre inite ou a, ou ka oblije peye yon frè anplis pou yon plas pakin.
- Swiv règ pakin apatman ou a. Si w gen yon plas pakin asiye, sèlman estasyon nan plas ou a epi pa janm pran plas lòt lokatè yo.
- Pakin pa jwèt pou timoun. Pa kite timoun san sipèvizyon.



Pisin

- Gen kèk bilding apatman ki gen pisin nan espas ki pataje ak lò moun.
- Aprann epi suiv règ pisin bilding ou a. Pisin yo disponib sèlman pandan kèk lè nan jounen an epi yo ka fèmen pandan sezon fredi.
- Timoun ka fasilman tonbe nan pisinn. Pa kite timoun jwe nan pisinn pou kont yo san sipèvizyon paran oswa gadyen, menm si gen sovtajà. Yon sovtajà pa ranplase sipèvizyon granmoun.
- Pa pote vè (glass) nan zòn pisinn nan.




Asirans Lokatè

- Pwopriyete a ka egzije w gen asirans lokatè, men li toujou yon bon lide pou pran li menm si li pa obligatwa. Li pwoteje bagay ou yo sizoka ta gen domaj sou pwopriyete a.
- Tcheke kontra lwaye ou pou wè si asirans lokatè a deja ladann.
- Li règleman asirans lokatè w la a pou w konprann kouvèti ou genyen.



Sezon Fredi

- Kontakte travayè sosyal ou oswa jesyon pwopriyete a pou yo montre ou kijan pou limen chofaj la epi sèvi ak tèmomèt la pandan sezon fredi.
- Tiyo nan kay ou ka pran glas epi koze domaj si tanperati deyò desann anba 32° F (0° C).
- Pou anpeche dlo nan tiyo yo pran glas, li enpòtan pou kenbe chofaj yo limen epi kenbe tanperati a anlè 55° F.
- Si w pral ale pou yon tan long, ou ka kite tiyo yo gout dlo trè dousman pou evite tiyo yo pran glas.
- Asire w dekonekte nenpòt kawoutchou oswa resipyan dlo deyò pandan tan frèt.
- Revize kontra lwaye ou pou wè si gen lòt obligasyon sezon fredi ki nan responsablite ou, tankou retire nèj nan bilding lan.



Lèt & Avi

Lèt, Avi ki afiche

- Tcheke bwat lèt ou chak jou, epi pote tout lèt lakay ou.
- Li tout lèt ou yo, epi mete dokiman enpòtan yo nan yon kote ki an sekirite.
- Pa jete “lèt san valè” sou planche hall la. Mete yo nan bwat resiklaj oswa nan fatra.
- Rele manadjè ka ou si gen anyen nan lèt ou pa konprann.
- Si ou pèdi kle bwat lèt ou, ka gen yon frè pou ranplase li.
- Si yon avi ofisyèl afiche sou pòt ou, ou dwe reponn imedyatman! Se konsa avi dezokipasyon yo delivre. .



Demand Reparasyon

- Pwopriyetè kay souvan mande ou fè yon demann antretyen ekri oswa elektwonik anvan yo fè reparasyon. Sèvi ak pòtal demann antretyen sou entènèt la, oswa mande manadjè ka ou pou èd.
- Sit wèb [web de Refugee Housing Solutions](https://www.refugeehousing.org/) gen yon fòm reparasyon ou ka itilize.


Egzanp demann reparasyon yo gen ladan:

- Recho mwen an pa mache.
- Tiyo dlo mwen an ap koule.
- Twalèt mwen bouche.
- Motè kraze-fatra mwen an pa fonksyone.
- Rido pwoteksyon pòt/fenèt mwen yo bezwen repare.

Yon Bon Vwazen


Bri, Rezoud Pwoblèm, Bèt Kay

- Tcheke kontra lwaye ou pou konnen lè ki rele “lè trankil.” Anjeneral, lè trankil yo se soti 10:00 nan aswè rive 8:00 nan maten, men sa ka chanje selon kote ou rete. Pandan lè trankil yo, tanpri kenbe timoun ak envite yo trankil, pale dousman, epi pa mete mizik fò.
- Ou dwe swiv tout règ sou bri ki nan kontra lwaye ou.
- Si w gen pwoblèm oswa dezakò ak vwazen ou yo, eseye rezoud li ansanm premye. Si nou pa ka jwenn yon solisyon, mande èd nan men manadjè ka ou oswa manadjè apatman an.
- Tcheke kontra lwaye ou pou konnen règ sou bèt kay, frè, ak pinisyon ki aplike. Gen kèk apatman ki pa pèmèt bèt kay ditou. Pou apatman ki pèmèt bèt kay, yo souvan mande yon depo bèt kay epi/oswa yon frè chak mwa. Pa janm pote yon bèt kay san ou pa enfòmè pwopriyetè kay la.
- Asire w konnen ki bèt yo pèmèt epi si gen limit sou pwa bèt la. Si w pa swiv règ bèt kay ki nan kontra lwaye ou, pwopriyetè a ap chaje w yon pinisyon pou bèt kay, e sa ka koute chè anpil.



Ekonomi Enèji

Tèmòsta




- Lokatè yo anjeneral peye pou chofaj ak èkondisyone (fredi) nan bòdwo kouran oswa gaz. Bòdwo sa yo ka wo anpil. Ou ka diminye bòdwo ou yo si ou swiv konsèy sa yo:
 - Tèmòsta la (an jeneral sou miray la) kontwole tanperati kay la. Nan sezon lete, mete tèmòsèt la ant 70° ak 75°F pou refwadisman (si ou gen èkondisyone). Nan sezon fredi, mete li ant 65° ak 75°F pou chofaj.
 - Monte tèmòsèt la byen wo pa fè chalè a vini pi vit, epi si ou kite l twò wo, sa ap ogmante bòdwo ou anpil.
- Si chofaj oswa èkondisyone ap mache, kenbe fenèt yo fèmen.
- Toujou etenn pifò limyè yo ak aparèy amizman yo lè ou soti lakay ou. Kite youn oswa de limyè limen pou vòlè panse gen moun lakay la.

Kèk Bon Konsèy

- Pa janm louvri fenèt yo lè chofaj la limen!
- Si ou santi lè ap pase anba oswa alantou pòt oswa fenèt ki fèmen, mande pwopriyetè a pou mete bann izolan (weather stripping) pou anpeche lè frèt antre.
- Mete plis rad sou ou — tankou chosèt, pantalon long, epi rad ki gen manch — ap kenbe ou pi cho epi li pi bon mache pase monte tèmòstat la.
- Pa janm itilize recho oswa fou pou chofe kay la!
- Kenbe pòt frijidè a fèmen lè ou pa pran anyen ladan l. Kite pòt la louvri gaspiye elektrisite epi ka gate manje yo, sa ki ka fè ou malad.



Rezime



1. Peye bòdwo ou yo.




2. Kenbe bagay ou pwòp.



3. Pran swen sa w genyen .



4. Konnen koman pou jere dife ak lòt ijans.



5. Gade lòt ak notifikasyon yo byen.



6. Aji kòm yon bon vwazen.



7. Pa gaspiye kouran .

Atik Kay ak Senbòl nan Gid sa a

Atik Kay Ki Plis Itilize



Avi pou mete w
deyò nan kay la



Frijidè/Refrijeratè



Lavabo/Robinè



Ekstenktè pou dife



Moulen Fatra



Douch



Detektè Lafimen



Fou




Twalèt




Bwat
Fatra/Poubèl



Machine Lave
Veso




Tèmostat



Machine
Lave Rad



Entèkom



Èkondisyone
fenèt/Èkondisyone

Senbòl yo itilize nan Gid sa a



Wi

Fè sa foto a montre a.



Non

Pa fè sa foto a montre a.